УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм
жэпуэгъуэм (октябрым)
и 12 лъандэрэ къыдокI

№40
(14097)

Черкес хэку

2026 гъэ, накъыгъэм (майм) и 30, щэбэт

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Хъуэхъухэр

Гъунапкъэхъумэм и Махуэм

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Урысей Федерацэм и ФСБ-м Къэрэшей-Черкесым щиIэ Гъунапкъэхъумэ Управленэм и командованэм, и ветеранхэмрэ и къулыкъущIэхэмрэ дывохъуэхъу гъунапкъэхъумэм и МахуэмкIэ!

А махуэщIыр – къэрал гъунапкъэхэр зыхъумэ псоми я дежкIэ тхьэлъанэр гъэзэщIэнымрэ Хэкум хуэщыпкъэнымрэ я нагъыщэщ. Дэ дощIэж 1941 гъэм гъунапкъэхъумэхэр бийм япэу зэрыпэщIэувар, яукIыху я быдапIэр зэраIыгъар. Ноби абыхэм я къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ къатекIыжахэмрэ апхуэдэу лIыгъэ яхэлъу, я зауэ къалэнхэр щагъэзащIэ зауэ операцэ хэхар здыщекIуэкIым. ЗауэлI щIыхыр, лIыгъэмрэ къалэнымрэ ди зауэлIхэмкIэ псалъэ дыгъэл къудейкъым, ахэр махуэ къэси я пащхьэм ит гъащIэщ.

Ди гум къыбгъэдэкIыу дохъуэхъу Урысей Федерацэм и ФСБ-м Къэрэшей-Черкесым щиIэ Гъунапкъэхъумэ Управленэм и зауэлIхэм – лIыгъэ зэрахэлъым, Хэкум зэрыхуэпэжым, я унагъуэхэм – шыIэныгъэ зэрахэлъымрэ щIыбагъ щыпкъэу зэрыщытымрэ папщIэ.

Дыхуейщ фиIэну псэуныгъэ, псэ быдагъэ, зэIузэпэщыныгъэ, фи къулыкъум фыхуэфэщэну!

ТЕМРЕЗОВ Рэшид,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ

ИВАНОВ Александр,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ

АРГУН Мурат,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ

Мэкъуауэгъуэм и 1-р — сабийхэр хъумэным и Дунейпсо Махуэщ

Къэрэшей-Черкесым
пщIэ зыхуэтщIу щыпсэухэ!
Дывохъуэхъу сабийхэр хъумэным и Дунейпсо Махуэм и щIыхькIэ!

Мы махуэщIыр — сабийхэм гулъытэ зэрыхуащIымрэ абыхэм я къэкIуэнум жылагъуэм хуиIэ жэуаплыгъэмрэ я дамыгъэщ. Абы зэкъуегъэувэ гуащIэрылажьэхэр, жэрдэмхэр къыхэзылъхьэхэр, къыдэкIуэтей щIэблэм и хьэтыркIэ ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъыхьэхэр. Ди къэралми, хэгъэгуми щалэжь Iуэхухэр яхуэгъэзащ ди лъахэгъухэр ноби, дяпэкIи бэIутIэIуншэу псэун папщIэ лъабжьэ быдэ къызэгъэпэщыным, дяпэкIэ ехъулIэныгъэщIэхэм фIыкIэ хуэкIуэным.

Къару зэхэлъкIэ куэд зэфIэдгъэкIащ дэтхэнэ сабийми зэрыхъумар зыхищIэн, зиужьыныкIэ зэхуэдэ Iэмалхэр иIэн папщIэ, ар къалэ е район купсэ, станицэ пхыдза е къуажэ ирехъу. А къалэныр япэ идгъэщыпхъэхэм ящыщу къэнэнущ.

Анагъэмрэ сабиигъуэмрэ гулъытэ хуэщIыныр сыт щыгъуи ди дежкIэ къалэн пэрытхэм ящыщщ. Нобэ ди къэралми республикэми щыIэщ сабий зэрыс унагъуэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ Iэмал зэхуэмыдэхэр. Гулъытэ хэха ядогъэгъуэт быныбэхэмрэ СВО-м хэт зауэлIхэм я унагъуэхэмрэ.

Сабийхэм ябгъэдэлъ зэчийр къызыкъуахыным, абыхэм я ехъулIэныгъэхэмрэ ябгъэдэлъ хущIэкъуныгъэхэмрэ гулъытэ яхуэтщIхъуэным, мылъку, техникэ дэIэпыкъуныгъэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ цIыкIухэм ядот. Сабийхэм зыхащIэ нэхъыщхьэ дыдэр — фIэщхъуныгъэ яхэлъымрэ щIэгъэкъуэн зэраIэр зыхащIэнымрэ, ар псом нэхърэ нэхъыщхьэщ.

Мы махуэщIым адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм, унэтIакIуэхэм, егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм фIыщIэ фхудощI махуэ къэс ефхьэкI гуащIэдэкI лэжьыгъэм, фи гуапагъэмрэ гулъытэмрэ, щIэблэр хэкупсэ яхэлъу, Хэкум, къызытехъукIахэм, зыщыщ лъэпкъым и хабзэхэмрэ и щэнгъасэхэмрэ фIылъагъуныгъэ хуаIэу зэрывгъасэм папщIэ.

Дывохъуэхъу сабийхэм узыншагъэ, гуфIэгъуэ фыщымыщIэну, еджэныгъэмрэ творчествэмрэ ехъулIэныгъэ щывIэну, гъэмахуэ нэху, гукъинэж ефхьэкIыну!

ТЕМРЕЗОВ Рэшид,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ

ИВАНОВ Александр,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ

АРГУН Мурат,
Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ

Мэкъуауэгъуэм и 1-р сабийуэ дунейм тетым нэхъыфI дыдэу ялъагъу махуэшхуэщ. Абы и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыщ я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм щыщIидзэмрэ сабийхэм я Дунейпсо Махуэмрэ зэрызэтехуэр.

Сабийр гуфIэмэ, щIылъэр мэщIэращIэ

1950 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м Лъэпкъхэм я Дунейпсо Зэгухьэныгъэм (ООН-м) сабийхэр хъумэным теухуа унафэ щхьэхуэ къищтауэ щытащ. А махуэшхуэр убзыхунымкIэ жэрдэмыр къыхэзылъхьар Бзылъхугъэхэм я Дунейпсо Демократие Федерацэращ. IуэхугъуэщIэр дищтащ Лъэпкъхэм я Дунейпсо Зэгухьэныгъэм икIи унафэ ищIащ сабийхэм я хуитыныгъэхэр, я узыншагъэр, уеблэмэ я гъащIэр хъумэным гулъытэ хуащIын хуейуэ. Езы ООН-ми зэфIих лэжьыгъэхэм ящыщу сабийхэм яхьэлIар ипэ игъэщыпхъэу къилъытащ.

Илъэс къэс мэкъуауэгъуэм и 1-м дуней псом махуэшхуэр щагъэлъэпIэну унафэ къащта щхьэкIэ, сабийхэм я Iуэхур ефIакIуэу пхужыIэнутэкъым. Абы къыхэкIыу, Дунейпсо Зэгухьэныгъэм япэ щIыкIэ сабийм иIэ хуитыныгъэмкIэ Декларацэ, иужькIэ, 1979 гъэм, Конвенцэ щхьэхуэ къищтащ.

Ахэр ди къэралым къыщилъытар илъэс 11 дэкIа нэужьщ. Абы лъандэрэ блэкIа илъэсхэм сабий зэрыс унагъуэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыужьыныгъэ гуэрхэр ягъуэтами, уимыгъэпIейтейуэ къанэкъым ди къэралым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэм — сабийхэм — я нэхъыбэм узыншагъэ быдэ зэрамыIэм. Дохутырхэр ирогузавэ дунейм къытехьагъащIэ нанум и Iыхьэ щанэм фIэкIа зэрымыузыншэм. Аращ УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ ЗэIущIэм зыщыхуигъазэм, къытщIэхъуэ щIэблэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къэрал мыхьэнэ зиIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу къыщIилъытар икIи Президентым къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ, IуэхугъуэфI куэдым щIэдзапIэ тэрэз ягъуэтащ.

Дызыщыпсэу къэралми республикэми иужьрей зэманым хагъахъуэ зэпытщ сабийхэмрэ сабиигъуэр хъумэным, зэчий зыбгъэдэлъхэм защIэгъэкъуэным яхуэунэтIауэ къыщащтэ программэхэм я бжыгъэм. Абыхэм къызэщIаубыдэ Iуэхухэр куэд мэхъу: сабий садхэм я Iуэхутхьэбзэхэм хуэныкъуэ псоми ар къагъэсэбэпыфыну Iэмал етыныр, щытыкIэ гугъу ихуа унагъуэхэм щапI сабийхэм, зи узыншагъэм дагъуэ иIэхэм хэхауэ защIэгъэкъуэныр, нэгъуэщIхэри. Къапщтэмэ, апхуэдэщ сабийхэм зэ тыгъуэу е мазэ къэс ират пособэхэр, гъэсапIэхэм екIуалIэ цIыкIухэм папщIэ ят пщIэм щыщ Iыхьэ адэ-анэхэм зэрыхуагъэкIуэжыр, бын куэд зыпI унагъуэшхуэхэм псэупIэ Iуэхутхьэбзэхэм щIат пщIэм и Iыхьэ гуэрым къызэригъэзэжыр, щытыкIэ гугъум ихуа унагъуэхэм щапI сабийхэм е зи адэхэр СВО-м хэтхэм я бынхэм Iэмал зэраIэр санаторэхэм пщIэншэу зыщагъэпсэхуну, я узыншагъэм щрагъэфIэкIуэну, нэгъуэщIхэри.

Къинэмыщlауэ, бын зыгъуэтхэм къэралым социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIегъакъуэ. Апхуэдэу Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми щолажьэ «Анэ гъэтIылъыгъэ» программэ хэхар. А ахъшэр трагъэкIуадэ псэупIэхэр егъэфIэкIуэным, сабийхэм щIэныгъэ ягъэгъуэтыным, зи узыншагъэм дагъуэ иIэ сабийхэм я Iуэхур егъэфIэкIуэным, анэхэм я лэжьыгъэ пенсэм хузэхуахьэс Iыхьэм. Етхуанэ (е нэхъыбэ) бын зыгъуэта бзылъхугъэхэм е сабий япIыну къэзыщта унагъуэхэм псэупIэ яухуэн е къащэхун папщIэ сом мин 250-рэ къызэрыратми мыхьэнэшхуэ иIэщ дэтхэнэм и дежкIи.

А псоми и нэIэ дапщэщи тригъэтщ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

Сабийхэм яхуэгъэза къэрал гулъытэр нэхъыбэж хъуну дыщогугъ.

Зыгъэхьэзырар
ЕЗАУЭ Маринэщ

Зэlущlэ

Москва къалэм Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыщхьэ КIуэкIуэ Казбек, Пятигорскрэ Черкесскрэ я Архиепископ Феофилакт сымэ Москварэ Урысей псомрэ я Патриарх Кирилл IущIащ.

ЗэгурыIуэныгъэр щытепщэщ

щIа хэлъхьэныгъэм. Фронтымрэ ди дзэ къулыкъущIэхэмрэ защIэгъэкъуэным зэкъуигъэуващ республикэм щыпсэу лъэпкъ, дин зэхуэмыдэхэм щыщхэр.

СВО-м ипэ махуэм къыщегъэжьауэ Никольскэ члисэм Iуэху щащIэ ди лъахэгъухэм махуэ къэс псапащIэ дэIэпыкъуныгъэ яхуэзэхуэзыхьэсхэр. Къэрэшей-Черкесыр – лъэпкъ куэд, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэ цIыхухэр зыщыпсэу республикэщ. Абы къыхэкIыу, мыхьэнэ хэха иIэщ епархиемрэ муслъымэн уммэмрэ я зэдэлэжьэныгъэфIым», — жиIащ Темрезов Рэшид.

Ди хэгъуэгум и лIыщхьэм Патриарх Кирилл фIыщIэ хуищIащ цIыхубэ зэкъуэтыныгъэ хъумэным и Iуэхукlэ абы иIэ Iуэху еплъыкIэм папщIэ. Республикэм и унафэщIым къыхигъэщащ мы гъэм Къэрэшей-Черкесым жылагъуэ зэпIэзэрытыныгъэмрэ дин зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэным, псэкупсэр хъумэным хуэунэтIа зэхыхьэхэр зэгъусэу щрагъэкIуэкIыну зэрамурадыр.

Хуэlухуэщlэ

Ди хэкуэгъум и лъэIукIэ

Урысейм и Президент Путин Владимир и пщэрылъкIэ, УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу СКФО-м щыIэ Чайка Юрий видеозэпыщIэныгъэм тету цIыхухэм зэпсэлъэныгъэ ядригъэкIуэкIам Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хэтащ.

Абдеж щыхэплъащ СВО-м хэт ди хэкуэгъум Черкесск къалэм и СНТ-м деж щыIэ и унэм щIыуэпс гъуэз ешэлIэным и Iуэхукlэ зэрызыхуигъазэм.

«Юрий Яковлевич хуэсIуэтащ «Газпром межрегионгаз Черкесск»-м и унафэщI Дергачев Олег и гъусэу, мы Iуэхур зэрызэхэдгъэкIар, абы хуэгъэзауэ проект, инженер лэжьыгъэхэр гъэхьэзырыным и ужь дызэритыр.

Къинэмыщlауэ, апхуэдэ лъэIур къызыбгъэдэкIам субсидие къыхухагъэкIынущ унэм и кIуэцIым щIыуэпс гъуэзыр щIашэн, гъуэз Iэмэпсымэхэр къащэхун, ягъэувын папщIэ. 2026 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 1-м ирихьэлIэу унэм щIыуэпс гъуэзыр щIашэнущ икIи абы ехьэлIа лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIынущ икIэм зэрынагъэсымрэ си щхьэкIэ си нэIэм щIэтынущ», — МАКС-м щитхащ ди республикэм и лIыщхьэм.

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид лэжьыгъэ Iуэхукlэ IущIащ Ставрополь президент кадет училищэм и унафэщI, полковник Преснухин Вячеслав.

Ахэр тепсэлъыхьащ еджапIэмрэ республикэмрэ зэрызэдэлэжьэнум, зэгъусэу зэIущIэхэр егъэкIуэкIынымкIэ, щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ зэпыщIэныгъэр гъэбыдэным теухуа упщIэхэм.

Ставрополь президент кадет училищэр УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и Министерствэм и ищхьэ еджапIэм ипэ къихуэ егъэджэныгъэ Iуэхущlапlэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр фIагъ лъагэ зиIэ дзэ къулыкъущIэхэр гъэхьэзырыным и закъуэкъым. Мыбдеж ныбжьыщIэхэм иджырей щIэныгъэ щызрагъэгъуэт, спортым жыджэру зыщыхуагъасэ, инженертехникэ унэтIыныгъэхэмкIэ зыщажь. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэ зэхэтым Iэмал къыует Хэкум и хъумакIуэ хъунухэм сыт и лъэныкъуэкIи зайгъэужьынымкIэ, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, мурад зиIэ щIалэгъуалэ гъэсэнымкIэ.

«Гулъытэ щхьэхуэ хуэтщIащ Къэрэшей-Черкесым щыщ еджакIуэхэр егъэджэным, апхуэдэуи ди сабий зэчиифIэхэм, псом хэлъхьэныгъэм. Фронтымрэ ди дзэ къулыкъущIэхэмрэ защIэгъэкъуэным зэкъуигъэуващ республикэм щыпсэу лъэпкъ, дин зэхуэмыдэхэм щыщхэр.

Зэдэлэжьэныгъэ

Хэкупсагъэ яхэлъу

хуэмыдэу, зауэ операцэ хэхам хэтхэм я бынхэм я зэфIэкIхэм хэгъэхъуэным ехьэлIа Iуэхухэм. Училищэм фIы дыдэу щеджэхэм, ар ехъулIэныгъэкIэ къэзыухахэм ди республикэм икIахэри мымащIэу яхэтщ. Абыхэм ящыщ куэд офицер екIу хъуащ, ехъулIэныгъэ хэлъу я къулыкъур ирахьэкI, шынагъуэншагъэр гъэбыдэным, я хэку цIыкIумрэ Хэкушхуэмрэ зайгъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуащI.

Дызэгурыlуащ зауэ-хэкупсагъэ яхэлъу щIэблэр гъэсэнымкIэ ди зэдэлэжьэныгъэм пытщэну. Апхуэдэуи, СКФО-м щекIуэкIыну, УФ-м Зыхъумэжыныгъэмкlэ и Министерствэм и «довузовскэ» егъэджэныгъэ Iуэхущlапlэхэм я унафэщIхэм я егъэджэныгъэ-методикэ зэхуэсхэр къызэгъэпэщынымкIэ дызэдэIэпыкъуну дызэгурыIуащ», — МАХ-м щитхащ ди хэгъуэгум и лIыщхьэм.

УАЗАЕ Маринэ

СВО-псапащlэ

ЩIэгъэкъуэн ялъэIэсынущ

Ди газет напэкIуэцIхэм зэрытетащи, Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и унафэкIэ, Луганск ЦIыхубэ Республикэм хыхьэ къуэш Старобельскэ муниципальнэ хэгъуэгум щыIащ КъЧР-м ухуэныгъэмрэ ЖКХ-кIэ и министр Узденов Рэшид.

Ди хэгъуэгум и Iэтащхьэм пщэрылъ зэрищIам тету, ди республикэм ухуэныгъэмкIэ и Министерствэм и унафэщIым Старобельскэ районым щыщ и лэжьэгъухэм, ЛНР-м и унафэщIхэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ яIущIащ икIи зэпсэлъэныгъэ ядригъэкIуэкIащ щIэгъэкъуэн зэрахуэхъуным, бийм зэхикъутахэр зэфIэгъэувэжыным яхьэлIауэ. Зэхэкъутэныгъэхэр зэтегъэувэжынымкIэ япэ игъэщыпхъэ къалэнхэр абыхэм яубзыхуащ.

Нэхъапэуэ, Темрезов Рэшид республикэм и Правительствэм и тхьэмадэм, КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщIымрэ ухуэныгъэмрэ ЖКХ-кIэ министрымрэ ядригъэкIуэкIа оперативнэ зэIущIэм къыщыхигъэщауэ щытащ насыпыншагъэ къызылъысахэм, псом япэу лей зытехьа сабийхэм, сыт и лъэныкъуэкIи защIэгъэкъуэным Къэрэшей-Черкесыр зэрыхуэхьэзырыр, террорист ебгъэрыкIуэныгъэм хэхуа Iуэхущlапlэхэр зэфIэгъэувэжыныр ди хэгъуэгум и пщэ зэрыдилъхьэжыр.

«Зыхуеину мылъкумрэ къарумрэ къыхэтлъытэнущ — республикэм и Правительствэм апхуэдэ пщэрылъыр хуэсщIащ», — жиIащ ди республикэм и лIыщхьэм.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

Сессием къикIыу

ЩIэгъэпсынщIауэ екIуэкIащ

Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и VII зэхуэшэсыгъуэм и 22-нэ сессиер щIэгъэпсынщIауэ зэхуашэсащ. Депутатхэр хэплъащ сабий куэд зэрыс унагъуэхэм ахъшэ зэрыратым теухуа хабзэ проектым.

Пленар зэIущIэр аудиконференц зэпыщIэныгъэ гъэпсыкIэм иту екIуэкIащ Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэм и япэ къуэдзэ Чеккуев Хъызыр и унафэм щIэту.

Хэплъэри икIи къащтащ «О внесении изменений в Закон КЧР «О ежемесячном пособии в связи с рождением и воспитанием ребенка и передаче полномочий по назначению и осуществлению выплаты ежемесячного пособия Фонду пенсионного и социального страхования РФ» хабзэм и проектыр. Ар зэхалъхьащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м ищIауэ щыта пщэрылъым ипкъ иту. Мы Хабзэм лъэкIыныгъэ къегъащI хэхъуэ зи мащIэ унагъуэ быныбэхэм зы цIыху къэс хуэзэу яIэ хэхъуэр республикэм щагъэува нэхъ мащIэу зыхуэныкъуэм (прожиточный минимум) тIэкIу гуэркIэ (проценти 10-м щIимыгъукIэ) щхьэдэхми ират ахъшэр зэпамыгъэуну.

Мазэ къэс кърат ахъшэр хъунущ сабийхэр нэхъ мащIэу зыхуэныкъуэу (прожиточный минимум) Къэрэшей-Черкесым щагъэувам и процент 50 (2026 гъэм - сом 8634,5 –рэ).

Мы хабзэр яхьэлIащ быныбэу ялъытэ, илъэс 17-м нэмыса сабий зиIэхэм, икIи ар къагъэсэбэп хъунущ мазэ къэс кърат пособэр къалъысыну хуитыныгъэ щаIэ пIалъэм къриубыдэу зэ.

Федеральнэ хабзэ зэхэтыкIэм ипкъ иту ягъэуващ унагъуэм ис цIыху къэс хуэзэ хэхъуэр нэхъыбэ зэрыхъуам ипкъ иту мазэ къэс кърат пособэр хуагъэувын ямыдэу 2026 гъэм щIышылэм и 1-м къыщегъэжьауэ 2026 гъэм и накъыгъэм и 22-м нэгъунэ къахьа унафэм лъэIу хэмыту (в беззаявительном порядке) хэплъэжыну. Ар елъытауэ щытыпхъэщ пособэр хуагъэувыну лъэIу тхылъ къыщитам унагъуэр здэпсэуа щIыпIэм щагъэува нэхъ мащIэу зыхуэныкъуэм.

Абы къинэмыщIауэ, хабзэ проектым щIагъужащ мардэ щхьэхуэхэр. Абыхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, пособэр хуагъэув социальнэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ бзылъхугъэ лъэщыджэхэмрэ зи ныбжьыр илъэс 17-м нэмыса сабий зиIэхэмрэ. Апщыгъуэми абыхэм яIэн хуейщ Урысей Федерацэм и гражданствэ икIи Урысейм и щIыналъэм щыпсэун хуейщ илъэси 5 мынэхъ мащIэ. Абы щIыгъуу къэгъэлъэгъуащ мы унафэм химыубыдэ Iуэхухэри. Хабзэ проектыр къащтащ еджэгъуитIкIэ.

Зыгъэхьэзырар ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэщ

Дин семинарым къикIыу

Интернетым къихь шынагъуэм

Къэрэшей-Черкес ислъам институтым егъэджэныгъэ семинар щекIуэкIащ. Ар траухуащ иджырей зэманым Интернетымрэ социальнэ зэпыщIэныгъэхэмрэ динырылажьэхэм къызэрагъэсэбэп щIыкIэм.

Абы и къызэгъэпэщакIуэу щытащ Iимам Абу-Хьэнифэ и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Черкес ислъам институтымрэ ислъам щэнхабзэр, щIэныгъэр, егъэджэныгъэр дэIыгъынымкIэ Фондымрэ.

Семинарым хэтащ ислъам институтым щеджэхэр, динырылажьэхэр, интернет лъэныкъуэгъазэм телажьэ IэщIагъэрылажьэхэр.

Абдеж нэхъыщхьэу къыхагъэщхьэхукIащ интернет къэухьым цIыхум и гупсысэр, и Iуэху еплъыкIэр иухуэу щыткIэрэ, ар тэмэму къызэрыбгъэсэбэпыфынур. Абы ехьэлIауэ IэщIагъэрылажьэхэр къэпсэлъащ.

Я Iуэху еплъыкIэр къагъэлъэгъуащ ислъам щэнхабзэр, щIэныгъэр, егъэджэныгъэр дэIыгъынымкIэ Фондым и IэщIагъэлI Аймалетдинов Айрат, КъЧР-м лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымрэкIэ и Министерствэм и IэщIагъэрылажьэ Аджиев Руслан, КъЧР-м и МВД-м экстремизмэм пэщIэтынымкIэ и Купсэм и IэщIагъэрылажьэ, полицэм и майор Пхъэш Иринэ сымэ.

«Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ я иджырей теплъэхэр» темэр убгъууэ зэпкърихащ МВД-м и лэжьакIуэм. Абы къыхигъэщащ зэи хуэмыдэжу нобэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Ар къытепсэлъыхьащ щIалэгъуалэр радикал зэгухьэныгъэхэм зэрыхашэ Iэмалхэм зэрызахъуэжым, социальнэ зэпыщIэныгъэхэмрэ мессенджерхэмрэ абыкIэ ягъэзащIэ къалэнхэм. Лекцэм къриубыдэу упщIэ нэхъыщхьэхэм я гугъу ищIащ: экстремист пропагандэм и нэщэнэхэр Интернетым деж къыззырыпщIэнур; апхуэдэ еплъыкIэхэр социальнэ зэпыщIэныгъэхэм зэбгрызыгъэкIхэм юридическэ жэуаплыгъэу яхьынур; абы ущызыхъумэфынур.

Семинарыр хуабжьу купщIафIэ икIи гъэщIэгъуэн ящыхъуащ студентхэми ислъам институтым и егъэджакIуэхэми. Абыхэм я Iуэху еплъыкIэхэмрэ упщIэхэмрэкIэ зыхуагъэзащ лекцэ къеджа IэщIагъэрылажьэхэм. Гу зылъытапхъэщи, мыпхуэдэ семинархэм сэбэп куэд къахь жылагъуэм, щIалэгъуалэм я гупсысэр тэмэму ухуэныкIэ, Интернетым къихь шынагъуэмрэ мыхъумыщIагъэмрэ наIуэ щIынымкIэ.

АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ

ХъыбарегъащIэ

2026 гъэм мэкъуэгъуэм (июным) и 3-м сыхьэтыр 11-00-м Черкесск къалэм дэт Правительствэм и Унэм и Пэшыхуэм щекIуэкIынущ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и ебланэ зэхуэшэсыгъуэм и зичэзу тIощIрэ ещанэ сессиер.

Абдеж щыхэплъэнущ зи № 180-VII, «О внесении изменений в статью 2 Закона Карачаево-Черкесской Республики «Об обеспечении детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, лиц из числа детей-сирот и детей, оставшихся без попечения родителей, жилыми помещениями на территории Карачаево-Черкесской Республики и о внесении изменений в отдельный законодательный акт Карачаево-Черкесской Республики (япэ еджэгъуэ); зи № 161-VII «О внесении изменений в статью 6 Закона КЧР «Об объектах культурного наследия (памятниках истории и культуры) народов РФ на территории КЧР» КъЧР-м и хабзэхэм я проектхэм (япэ еджэгъуэ), нэгъуэщI упщIэхэми.

Росгвардие

ДызэзышалIэ

Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщI дауэдапщэхэм япкъ иту Черкесск къалэм щекIуэкIа фестивалым хэтащ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хабзэхъумэ кулыкъухэм къабгъэдэкIа лIыкIуэхэри. Росгвардием Къэрэшей-Черкесым щиIэ и Управленэм и къулыкъущIэхэри, ветеранхэри.

Фестивалым и спикер хъуахэм ящыщщ хабзэхъумэ дзэ пакIэхэм я ветеранхэм я Ищхъэрэ-Кавказ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и хэгъуэгу къудамэм и тхьэмадэ, полицэм и полковник Попов Василий. ЩIалэгъуалэм зыхуигъазэкIэрэ, абы жиIащ Урысейм щыпсэу лъэпкъ псори зэзыпх, зэзышалIэ, псэкъару зиIэ Iэмалу урысыбзэр зэрыщытыр.

«Урысыбзэр дызэрызэпсалъэ Iэмал къудейкъым, атIэ, Ищхъэрэ Кавказым мамырыгъэр щытепщэу щытыным щхьэпэ хуэхъу Iэмэпсымэхэм языхэзщ. Мы бзэмкIэ ди нэхъыжьхэр псэлъащ Хэкур хъумэным, напэм я гугъу щащIу щытыгъам. Нобэ, сэ си щIалэгъуэу къулыкъу жыджэру сыщыпэрытам хуэдэуи, а хабзэфIыр тхъумапхъэщ, зи гугъу тщIы лъапIэныгъэхэр зыуэ зэрыщытыр къыдгурыIуэу дызэхэтын папщIэ», — къыхигъэщащ Поповым.

А махуэм мотогъэлъэгъуэныгъи, къэжыхьыныгъи къызэрагъэпэщащ. Байкерхэм яхэтащ Росгвардием и ветеранхэри.

Фестивалыр и щапхъэщ щэнхабзэм, хабзэфIхэм лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къыхэкIа, ныбжьыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм итхэр зэрызэрашалIэм.

Росгвардием Къэрэшей-Черкесым щиIэ Управленэм и пресс-къулыкъу

Урысей адвокатурэм и Махуэм

«Си бзэм лъагъуныгъэ хузимыIэм...»

Накъыгъэм (майм) и 31-р — Урысей адвокатурэм и Махуэщ. Абы ипкъ иту нобэ и гугъу фхуэтщIыну ди гуапэщ ди республикэм щыцIэрыIуэ адвокатхэм ящыщ ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ гуащIафIэм – ЛЪЫС (Махуэ) Розэ Хьэмзэт ипхъум.

Ар адвокатурэм 2007 гъэм къыщыщIэдзауэ щолажьэ. Илъэс 23-кIэ, пенсэм кIуэхукIэ, Хьэбзэ район прокуратурэм щылэжьащ. ФIыщIэ тхылъкIэ КъЧР-м и прокуратурэм Розэ пенсэм игъэкIуэтами, илъэс ныкъуэ фIэкI щымысу, адвокат къулыкъум и гуащIэр ирипхащ. ИкIи, илъэс 19 мы гъэм ирикъунущ Розэ адвокату зэрылажьэрэ.

IэщIагъэрылажьэ IэпщIэлъапщIэу зи цIэр зыгъэIуа Розэ и лэжьыгъэр нэгъэсауэ зэригъэзащIэм къыдэкIуэу, ар гукIи псэкIи цIыхухэм яхуэпэжщ. Шэч хэмылъу, ахэри IэщIагъэ махуэщIымкIэ Розэ нобэ къохъуэхъу.

ЖыIэпхъэщи, Лъыс Розэ цIыхухэм къызэрацIыхур и IэщIагъэ лэжьыгъэ закъуэракъым. Мы бзылъхугъэр ироПейтей къызыхэкIа лъэпкъым пкърыт гуузым, абы хуэгъэза гупсысэ купщIафIэхэри сыт щыгъуи бгъэдэлъщ.

Адыгэпсэ, лъэпкъыпсэ - хэкупсэ — мы псори зыхужыпIэфынщ Хьэбзэ къуажэм дэс Лъыс Розэ. Илъэс тIощIым щIигъукIэ здэлэжьа прокуратурэ къулыкъум абы далъэгъуа щыпкъагъымрэ цIыхугъэмрэ, пэжагъыр, нэмысыр, гъэсэныгъэр ноби ящыгъупщакъым, абы къыпокIуэ къыхуащI пщIэмрэ щIыхьымрэ.

Зэрылъэпкъыпсэм и гугъу пщIымэ, ди тхыгъэм и щхьэщIэдзапIэми ар гурыIуэгъуэ пщещI. Къыхощ ар и усэхэми, и къэпсэлъэныгъэхэми — нартыгъэ, адыгагъэ, адыгэ Хабзэ, адыгэ Хэку, адыгэбзэ, адыгэ тхыдэ, адыгэ Тхьэ бгъэдэтыкIэ — мыпхуэдэмкIэ гъэнщIахэм.

— Илъэс къэс гъатхэпэ мазэм Дунейпсо Iуэрытхыр дотх. Япэу ар щыстхар 2020 гъэращ, адыгэ тхакIуэ КIэрашэ Тембот и «Шапсыгъ пщащэ» тхыгъэмкIэ. Апщыгъуэм сызэщIэзыубыда гупсысэхэм къыпэкIуат си лъэпкъэгъухэм зэрызахуэзгъэзауэ щытар, бзэр зэрекIакIуэм къихь шынагъуэр, абы кърикIуэфынур, апхуэдэнумэ, кIэух дыджыр зэрымыжьжьэр къыхэзгъэщат, — къыддогуашэ Розэ.

Дыхуейщ а зыхуэгъэзэныгъэр фи пащхьэ итлъхьэну.

«ФIэхъус апщий, адыгэ лъэпкъ! Нобэ, минитIрэ тIощI гъэм гъатхэпэ мазэм и махуэ еханэм щIыналъэпсо адыгэ Iуэрытх зытхахэм сахэтащ. Ар фIыуэ схуэмытхауэ къыщыхъуащ, «си тхыгъэмкIэ тIу къэзмыхьащэрэт» жысIэуи сытешыныхьт, сыту жыпIэмэ псалъэ куэдыр, абыхэм я зэпыщIэныгъэ гъэпсыкIэхэр сэркIэ псынщIэтэкъыми...

Сызытешыныхьым сытеукIытыхьыжурэ, «узэкIуж-зэгъэпэща адыгэтэмэ, щыуагъэншэу утхэфынт, иджы фIымэ еплъ уи бзэм ухуэакъмыкъыныр зыхуэдэм» жысIэу, си щхьэм сыхуэшхыдэурэ сыкъыздэкIуэжым, усэ гукIэ къэзгъэщIащ.

Ар адыгэ Iуэрытхым теухуа япэ адыгэ усэу щытынкIи - щымытынкIи мэхъу, уеблэмэ мы зы усэм нэхъ щымыIэнкIи мэхъу. Ауэ, фи пащхьэ ислъхьэну мы усэм еджа нэужь, адыгэу зызылъытэж дэтхэнэри дяпэкIэ Iуэрытх тхыным зыпыIуидз дэнэ къэна, тегушхуэу ди бзэр кууущIэжыну, абыкIэ тхэныр фIыуэ илъагъужыну, и щхьэри лъагэу диIэтыжыну сыхуейт!

Ди бзэм и дэхуэхыныгъэмрэ, иджырэ къэс къытфIэмыIуэхуу зэрыщытамрэ, дгъэкIуэсэжыпэ ди бзэм сызэрыригумэщIым къыхэкIкIэрэ, сызыхэта гухэщI-гуузым ди пщэдей къэкIуэнум ди лъэпкъыр натIэкIэ емыуэлIэну сыхуейщ, «зи бзэр хэзыгъэкIуэдэжа лъэпкъ» зыхужаIэн дымыхъун папщIэ.

Ажалыр зэрыIэбапIэншэм хуэдэу, лъэпкъым и бзэр имыхъумэмэ нэмыщI IэбапIэ щыIэкъым ар къыззтегъэнэнымкIэ. Анэдэлъхубзэ бзэншагъэр — ар уи щхьэр цIыкIуу плъагъуж къудейм къыщынэкъым, атIэ ар кIуэдыжыгъуэщ – лъэпкъ кIуэдыжыгъуэщ!

Дауэрэ дэ нобэкIэ ди щхьэр цIыкIуу зэрыдмылъагъужынур, ди анэдэлъхубзэр хэчыхьауэ, е ныкъуэфэкъуэу щытщIэкIэ, е хамэбзэхэм къыхэтха псалъэхэмкIэ дыщыуэршэркIэ, ахэр адыгэ псалъэ къытщыхъужу. Е нэхъыкIэжыр араци, зэрыхамэ псалъэр тцIыхуу, арами ахэр нэхъ къэдгъэсэбэпу, абыхэм адыгэ жыIэкIэхэр IэщIыб ядгъэщIу, адыгэ псалъэ куэдым я псэр хедгъэхыу...

Адыгэ псоми сызэхахыну сыхуейт. Лъагъуныгъэ хуэдывгъэщIыж ди анэдэлъхубзэу ди адыгэбзэм – Тхьэбзэм палъыта бзэм, зедывгъэгъэсэж абы щыуагъэншэу дритхэфу, шэрыуэу дрипсэлъэфу. Ди адыгащхьэри лъагэлъапIэу ди бзэ хъумам дэтлъагъужыфыну Тхьэм къыдигъэхъулIэ!» — апхуэдэщ Розэ и гум къиIукI гупсысэхэр.

АдэкIи къыпытщэнщ зи гугъу ищI усэр.

Адыгэ Iуэрытх!

Нобэ Iуэрытх сымытхатэм
СытепцIыкIыу сыпсэунт-
НапщIэ телъуэ сripагэт,
КъысфIэщIыжти сщIэуэ бзэр.
Ауэ нобэ «Шапсыгъ пщащэм»,
Зытхыгъари ди КIэрашэу,
КъытхуиIуатэ-IуэрыIуатэр -
АдыгэлIрэ, «ТхьэщIагъ» мэзрэ,
Адыгэшрэ-емызэшрэ
Теухуауэ Iуэрытх стхам,
Гъуджэм хуэдэу сыкъищащ:
Лъэныкъуабэ-ебэкъуэкIыу
МафIэдз щащIыр Украинэм,
Къэралыгъуэм и лъэпагъым.
Хэт хэхуами гузэвэгъуэ
И гъуэншэджырщ япэу зэпхъуэр,
КъыкIэлъыкIуэу гъунэгъу йоджэр —
ДжакIуэ гъакIуэ ищIри арщ.
«Уи гъунэгъурэ уи гъуэншэджрэ» —
Зэхуагъадэуи щIыжаIар,
А гъунэгъураци япэу
ТегъэщIанIэ хэти хуэхъур.

АмIэ гъунэгъу узщыгугъыр
Хьэ дзэкъэну къыуауштрэ
Уи бын гуэрхэм къажьэхэпхъуэм
Сыт IэбапIэр зыпхъумэным?
Хъумэ Iуэхур хуокIуэр зауэм
Бзаджэ лъабжьэр къичын папщIэ —
Урыс лъэпкъыу хьэIупс хъуахэр
Киев лъэхъум къегъэлынкIэ.

Ди сэлэтхэр зауэ дыджым,
ГъащIэ уасэкIэ хыхьахэу,
Зэкъуэш хахуи хэхъухьахэу,
БгъэкIэ къахьхэр ТекIуэныгъэр.
«Хьет» жевгъыIэу ди нэхъыжьхэр,
Фыхэтщ зауэм и гуащIэгъуэм.
Хэкупсагъэ лъагэ фхэлъырщ
Урысейм и къарур!

ЗауэлI щIыхьыр и лъэнкIанIэу,
Урысейр зэфIэтынщ.
ТекIуэныгъэр фи Iэужьу,
Хэку и жьэгу фикъихьэжьынщ!
Зэщымыщыр зи беягъыу,
ЗэщIэлыдэр зи дахагъыу
Къытхуэфхъумэ Урысейрщ —
Зыхъумэнур ди пщэдейр!

«Урысейм адыгэу щыпсэум япэу тхъумэн хуейр ди адыгэбзэмрэ адыгагъэмрэщ, ди хабзэхэрщ. Ахэращ зыми къыхуимычыфыну ди лъабжьэр, дывгъэгъэбыдэ ар — адыгэбзэ къабзэр. АбыкIэ зыкIи ди къэралыр пэрыуэгъу къытхуэхъукъым. Зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж лъэпкъыу зытIэтыжыфынущ нобэрей ди адыгэбзэ зэкIуэкIар нартыбзэмрэ хьэтыбзэмрэ тедгъэпсыхьыжрэ, ди бзэ пажэу утыку къитшэжмэ. Ди бзэр фIыуэ тщIэн папщIэ, ар зыхуэныкъуапэр ди лъагъуныгъэщи, ар едывгъэгъуэтыж!» — а зэхуэсым щигъэIуащ лъэпкъ Хасэм и лIыкIуэу къэпсэлъа Розэ.

Бзэр хъумэныр зэи зэпымыу лэжьыгъэу зэрыщытыр къыщыхощ и «Пабжьэ гъэсысу...» усэми.

Пабжьэ гъэсысу

Зымахуэ гъэлъапIэр къемэщIэкIынщ
Анэдэлъхубзэм ипщIэ уасэншэм.
НэмыщI гулъытэр едмыпэсыжмэ,
Иса уэздыгъэу пункIыфIыкIынщ.

Зымахуэ пIалъэр напIэ дэдзейщ
Уримыпсалъэм бзэм илъэс псом.
Нысашэ Iуэхукlэ чеижь зэрадзауэ,
Дэбдзэжуи аращ, упэплъэу и пIалъэм.
Ди бзэр зытетыр, шэчышэу, пэнтIыкъщ,
Нэр зынэмысу зищIагъкIэ ехущ.

Сытошыныхьыр лъэпкъым и гъащIэм —
Анэдэлъхубзэм ехъ емыхарэт!

Пабжьэ гъэсысщ бзэмкIэ зы махуэр,
Зумыгъэужьмэ бзэ ныбжьырейм.
Жагъуэм и жагъуэщи семыувалIэ,
Хамэбзэм си бзэр зэригъэкIуасэм.

Нобэрей ди бзэу ди адыгэбзэр,
Хьэжыгъэ щIэпщу сэ щIэзгъэпщынт,
Къизнэу кхъузанэм ди бзэм щымыщхэу,
Адыгэ псалъэхэр псэншэ зыщIахэр.
Кхъулэ хунтху ласкIэуи искIутыжынт,
Жын бзэхыжауи згъэбзэхыжынт,
Хуэш къыхыхьауи хэзгъэкIыжынт
Егъэлея лейиххэу бзэм хэтхэр.

Илъэс къэсыхукIи ди бзэр мэтхытх,
ТхыIушэ дзэлуи хулауэ зегъэш,
БзэмыIууи нэзым ар ирехулIэр
Хьэрыпым я бзэм – чэнджэщи къэвмыхь.

Еру зэманым дэмыкIуэдыну
ФIылъагъуныгъэкIэ бзэр дывгъэгъэнщI.
Анэдэлъхубзэр бзэ къабзэу
тхуэхъумэм –
ТхузэфIэкIынущ лъэпкъыр тхъумэн!

Розэ и Iэдакъэщ IэкI «Адыгэ Ныпэ» усэхэми гупсысэ куум ухедзэр:

Адыгэ Ныпэ!

Адыгэ Ныпыр тхыдэ напэщ,
Зи лъабжьэр кууущ елэбыхщ:
ЛIыхъужь нарт лъэпкъым и дамыгъэу
Уафэгум къибжри вагъуэу щиIэр
Ныпэ напэ кIуэцIкIэ зэбгъэдэтхэу,
ЩIыналъэм деж щызэрипхащ.
Вагъуэбэ бынуи зы защIащ,
Я шабзэ лъэщкIи захъумэжхэу.
Зэкъуэш пщыкIутI зэкъуэувам
«КъикIуэт» жысуаIэр къахуихуакъым
Бий бзаджэ лъэщым пэщIэхуакIэ.

Мамыру жыгхэр щыхасами,
Шагъдий шы жэрхэр зэрахуами,
Щауэ лIыхъужьхэр къыщалъхуами,
Хэплъыхьа Хабзэр къыщащтами,
КъэфэкIэ дахэр щаублами,
Жэн-шэрхъ джэгукIэхэм хэтами,
Адыгэ фащэ - цейр щадами,
Зэуами текIуэу бийм и куэдым
Нэхъ мащIэу бжыгъэкIэ щыщытми —
Сыт и лъэныкъуэкIи, бжесIэнщи,
«Хьет» жрагъыIэу гъащIэм хэтт.

ЛъагъэIэсакъым Ныпыр щIым
Лъыгъажэ зауэхэр щекIуэкIым.
Мыхъунт а Ныпыр пIэщIэхун —
ЛъэпкъитIым я псэр бийм хихами
Нып напэ деж щыажалыншэщ!
Жаней, Убыххэр щымыIэжми
Абы я вагъуэу Ныпым итхэр,
Ирехьэ жылэу адыгэгухэм.
Къытырехъукl зы жылэ цIыкIум
Жаней, Убыххэм я фэеплъу
Унагъуэ къэс фи бын пщIырыпщI!

Ди щIалэгъуалэм сызэхэфхи,
Къалэну фи пщэм ифлъхьэ фэ
Адыгэ цIыхухэр бэгъуэжыну!
Адыгэ Нып мыкIуэдыжыну
ЩIыхъуреишхуэр кIэрэхъуэхукIэ!

Лъэпкъым и цIыхухэм мыпхуэдэ гупсысэхэр ябгъэдэлъыху гугъапIэ щыIэщ адыгэм зы Хабзэу, зы Бзэу, зы Хэкуу щIы хъуреягъым ену гъащIэ щиIэну!

АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ

75 Къэрал, политикэ, жылагъуэ Iуэхузехьэ Сэхъурокъуэ Хьэутий

Накъыгъэм и 27-м и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, адыгэ лъэпкъым и нэхъыжьыфI

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий Хьэзрит и къуэр.

Си щхьэкIи, Къэрэшей-Черкес Республикэ Адыгэ Хасэм и Советым хэтхэми къыдбгъэдэкIыу сехъуэхъуну сыхуейщ ди лъэпкъым и нэхъыжьыфIым гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэу илъэсищэ къигъэщIэну, и унагъуэкIи и лэжьыгъэкIи ехъулIэну.

2012 гъэм ДАХ-м и тхьэмадэу Хьэутий щыхахам щегъэжьауэ ар си цIыхугъэщи, нобэр къыздэсам гуащIафIэу дызэдолажьэ, зыхуэбгъэзамэ, сыт щыгъуи чэнджэщыфI къозытыфыну нэхъыжьыфIщ.

Щхьэихауэ и гугъу щIыпхъэу солъытэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэIущIэхэр зэрыригъэкIуэкIым: нэгъэсауэ, зытепсэлъыхьыр гурыIуэгъуэу, упщIэхэм жэуап пыухыкIа яригъэгъуэту.

Хьэутий и гъащIэм и кIыхьагъкIэ къэрал IэнатIэ лъагэ куэдым пэрытащ, ноби апхуэдэхэм ящыщ зэрехьэ. Ауэ, ДАХ-м и тхьэмадэ IэнатIэм нэхъ пщэрылъ хьэлъэ абы сыт хуэдэ зэмани имыхьа хуэдэу къысщохъу. АтIэ, зэрылъэпкъыу зыгъэпIейтей Iуэхур и пщэ илъщ, сыт и лъэныкъуэкIи къыгуроIуэ, лъэпощхьэпохэр кууэ зыхещIэ... Ди лъэпкъ икъухьам дбгъэдэлъыр зы бзэми, зы хабзэми, дыздикъухьа къэралхэм задэпщIын хуейуэ къыщыувкIэ, дэнэ къикIари къыгуроIуэ, зэран хуэмыхъуу, сэбэп къыхуихьу я Iуэхухэр зэрегъэзэхуэф. «Дипломатие» лъагэ зыхэлъ унафэщIщ, тхьэмадэ Iумахуэщ Хьэутий.

ХьэкъыпIэкIэ жысIэнщи, ди насыпщи, Дунейпсо Адыгэ Хасэр лъэпкъым иIэщ. АтIэ, абы адыгэ псори зы дещI, дыкъызэщIеубыдэ, ди Iуэху тхуегъэкIуатэ. А организацэ лъэрыхьым и тхьэмадэу илъэс пщыкIуплI хъуауэ ди пщIэр дэнэ щIыпIи щиIэту мэлажьэ Сэхъурокъуэр. Дрогушхуэ Хьэутий Москва УФ-м и Президентым лъэпкъ IуэхухэмкIэ и Советым и чэнджэщэгъу гупым зэрахэтым. Апхуэдэ пщIэ лъагэр лъэпкъ зэщIэхъееныгъэ куэдым хуагъэфэщакъым.

ДАХ-м и зэIущIэ щедгъэкIуэкIкIэ, куэдрэ къытхохьэ Москва къикIа, IэнатIэшхуэ зыIыгъ IэщIагъэрылажьэхэр. ИкIи абыхэм къыджаIэ ди организацэм — ДАХ-м и пщIэр зэрылъагэр. Езы Хьэутии сыт щыгъуи къыхегъэщ: «ДиIэ гулъытэр сэ зыракъым зи фIыщIэр, атIэ ГъэзэщIакIуэ гупым хэту хъуам я гуащIэм къыпэкIуэ пщIэщ, ди Iуэху бгъэдыхьэкIэкIэ къэдлэжьащ».

ИкъукIэ ди гуапэщ ди лъэпкъ организацэм пщIэ къыхуащIу, къэрал утыкушхуэхэм драгъэблагъэу ди лъэпкъым и Iуэху щыжытIэну лъэкIыныгъэ куэдрэ зэрыдиIэр. Хьэутий щхьэх ицIыхукъым, къызэрымыкIуэу жанщ, лъэпкъым хуэгъэза упщIэ къыщиIэтыну ицIыхумэ, дэнэ щIыпIи кIуэнущ, гугъу зригъэхьынущ. ИкIи, дэнэ дежи адыгэм и Iуэхур дахэу, екIуу, зэрыхуэфащэу зэкIэлъыгъэкIуауэ къигъэлъэгъуэн хузэфIокI ДАХ-м и тхьэмадэм.

Хьэутийрэ сэрэ адыгэ зыщыпсэу щIыпIэ куэдым дыщызэдыщыIащ, фестивалхэм, лъэпкъ зэхыхьэхэм драгъэблагъэу. Гъуэгуанэ кIыхь щызэпытчащ Германиеми, Тыркуми, Израилми... Гъуэгу удытетынкIэ цIыху тыншщ, псэлъэкIэрэ гушыIэкIэ дахэрэ зыхэлъщ, зыхуейр гуапэу къыбнэзыгъэсыфщ. И чэнджэщ хуэныкъуэу къекIуалIэр сыт щыгъуи и куэдщ.

Ди республикэм щыщ ныбжьыщIэхэр щIэх-щIэхыу нэгузыужь къуэш хэгъуэгухэм сошэ. КъБР-м дыкIуауэ Хьэутий и деж деблэгъамэ, сыт щыгъуи хьэщIагъэ ин къыдех, хуабжьу хьэлэлщ, хьэщIэгъафIэщ.

Адыгэм «Зэманым декIур лIыфIщ» зэрыжиIауэ, Хьэутий зыужьыныгъэ ин, щIэныгъэ куу бгъэдэлъу докIуатэ гъащIэ къекIуэкIым. ЗэхэтыкIэм зезыгъэкIу, зэхъуэкIыныгъэхэр къызыгурыIуэ, пэжагъ хэлъу зэхэзыгъэкIыф, лъэпкъым и сэбэп къыхэзых нэхъыжьыфIщ.

Сыхуохъуахъуэ Хьэутий тхуэузыншэну, и унагъуэкIи и бынкIи насып щымыщIэну, и щIэблэм я гуфIэгъуэ куэд илъагъуну, и гъащIэм щыщ Iыхьэшхуэ зыхуигъэтIылъа лъэпкъ Iуэхум гукъыдэж иIэу, гуащIафIэу иджыри куэдрэ хуэлэжьэну!

**АСЛЪЭНХЭ Алий,
КъЧР-м и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ,
ДАХ-м и вице-президент,
КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм
(Парламентым) и депутат**

Жьэ лIыкIуэ нэхърэ - щхьэ лIыкIуэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, Урысей Федерацэм и Президентым деж лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ Советым хэт, «Урысейм и лъэпкъхэм я ассамблея» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэ, «Россельхознадзорым и Къэбэрдей-Балъкъэр Референт купсэ» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий Хьэзрит и къуэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирикъуащ. Къэрал пщэрылъри, лъэпкъ Iуэхури, нэгъуэщI къалэн куэди зэдэзыхьыф, зигурэ зи щхьэрэ зэтелъу гъащIэ гъуэгуанэ купщIафIэ къэзыкIу цIыху щыпкъэщ ар. КъызыхэкIа лъэпкъым и Iулыджымрэ щалъхуа лъахэм и зыужьыныгъэмрэ и гъащIэ псор триухуащ Сэхъурокъуэм. Абы и щхьэр сыт щыгъуи иужь къригъанэрэ, къэрал, лъэпкъ Iуэхур игъэкIуатэущ къызэрыгъуэгурыкIуэр. МафIэ къэлыдар псалъэкIэ игъэункIыфIыфу, Iуэху псынщIэгъуэ къыкъуэкIамэ, и акъыл жанымкIэ зэригъэзэхуэфу, сыт хуэдэ лъэпощхьэпоми и хэкIыпIэр къигъуэтрэ гъуазэ хъууэщ дэ Хьэутий зэрытцIыхур. И щIэныгъэкIэ, IэщIагъэкIэ, къулыкъукIэ бгъэдэлъ беягъырщ нобэ иIэ пщIэр къызэрилэжьар, лъэпкъым и пашэу дяпэ изыгъэтыр.

Сэхъурокъуэ Хьэутий япэу зыхуеджар ветеринар дохутырщ, ветеринар щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ, экономикэ щIэныгъэхэм я доктощ, профессорщ. Аспирантурэ нэужьым абы илъэсиблкIэ щригъэджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. ИтIанэ КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ и Министерствэм ирагъэблэгъащ. ЛIыщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIу, къулыкъушхуэ иIыгъыу мэлажьэ. Ар КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэу, КъБР-м мэкъумэш хъызмэтымрэ ерыскъыпхъэхэмрэкIэ и министру, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министру щытащ. И псэемыблэж лэжьыгъэм къыпэкIуащ къэрал нагъыщэ лъагэхэри. Абы къыхуагъэфэщащ Зэныбжьэгъугъэм и орденыр, ЩIыхьым и орденыр, УФ-м и Президентым къыбгъэдэкI ФIыщIэ тхылъыр, кърахащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр, Урысейм и мэкъумэш IэнатIэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ дыщэ медалыр, «Трудовая доблесть. Россия» щIыхь дамыгъэр, «Адыгейм и щIыхь» медалыр, «КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Урысейм мэкъумэш хъызмэтымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Хьэутий и щIэныгъэ куур, зэфIэкI лъагэр, Iэзагъ къызэрымыкIуэр сэбэп хуэхъуащ ди щIыналъэм социально-экономикэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ нэхъри зиужьыным, Урысейм и зэкъуэтыныгъэр, республикэм ис лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр нэхъри гъэбыдэным.

Зыпэрыт къулыкъухэм къыщащI къалэнхэр куэдми, абы и гур хигъахъуэу, и псэр игъэпсэхуу иIэщ и унагъуэр, къуэрылъхухэр. И щIалитIым, Муратрэ Темботрэ, ищхьэ щIэныгъэ яIэщ, зыр экономистщ, нэхъыщIэр юристщ, я IэщIагъэмкIэ щIэныгъэ лэжьыгъи пхагъэкIащ. Мурат КъБР-м и Къэзыбж палатэм щолажьэ, пхъуищ иIэщ. Тембот КъБР-м и ХеящIэ Нэхъыщхьэм щыIэщ, къуищ къыщIохъуэ. КъуэрылъхуитIым университетыр диплом плъыжькIэ къаухащ, тIум мы гъэм щIэтIысхьэну загъэхьэзыр.

Жылагъуэм и гъуазэ

2012 гъэр Хьэутий дежкIэ лъэхъэнэщIэм и щIэдзапIэ хъуауэ жыпIэ хъунущ. Ар хахащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу. ЖэуаплыгъэшхуэзыпылъаIэнатIэми абы зыкъыщигъэлъэгъуащ цIыхубэр зыгъэдэIуэф, зыунэтIыф, тезыгъэгушхуэ цIыху щыпкъэу. Нэхъапэм цIыхубэм и Iуэху дигъэкIыу къэрал къулыкъущIапIэхэм щылэжьамэ, иджы жылагъуэм нэхъ пэгъунэгъужу лъэпкъ Iуэхур игъэкIуэтэн хуейт. Ауэ абы къригъэкIуэтакъым гушхуэ зыкIуэцIылъ, хэкур, лъэпкъыр ефIэкIуэну ищIэмэ, нэр здэплъэм лъэр нэзыхусыф лэжьакIуэшхуэр.

«Илъэс 14 хъуауэ сыпэрытщ мы къулыкъум, тхуэнейрэ хасэ тхьэмадэу сыхахыжащ. Сэ быдэу си фIэщ мэхъу ди зэманым жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ, Хэкур зыгъэбей щэнхабзэ зэмыщхьхэр зэпыщIэнымкIэ, жылагъуэр зэкъуэгъэувэнымкIэ къалэнышхуэ зэрагъэзащIэр, — жеIэ Хьэутий. — Нобэ ДАХ-м хуэфащэ пщIэрэ щIыхьрэ дуней псом щиIэщ. Ар жыджэру йолэжь бзэмрэ хабзэмрэ хъумэным, цIыхубэ дипломатием ехьэлIа Iуэхухэр пхыгъэкIыным, хамэ къэралхэм щыIэ ди лъэпкъэгъухэр зэпыщIэным, апхуэдэуи дунейпсо мыхьэнэ зиIэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI.

КъинэмыщIауэ, нэхъыщхьэу зи ужь итхэм ящыщщ къэрал унафэщIхэм, властым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм дзыхь зэхуащIу, зэпыщIауэ, зэдэIэпыкъуу зэдэлэжьэныр».

Псыпэр иришэжьат

2014 гъэм Сочэ щекIуэкIа Олимпиадэм къэралым зыхуигъэхьэзыру ДАХ-м и тхьэмадэу ягъэуват Хьэутий. Спорт зэхьэзэхуэр щекIуэкIыну къыхаха щIыпIэм адыгэхэм хуаIэ еплъыкIэр зэтехуэртэкъым. Сочэ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм я щIыгужьт, Кавказ зауэр зэриухрэ а гъэм илъэси 150-рэ хъурт.

Дауэ хъуми, зэпсэлъэн, зэгурыIуэн хуейт. Абы къыхэкIыу унафэ къащтащ хэхэс адыгэхэм я лIыкIуэхэр зэхуашэсу Сочэ ирагъэблэгъэну. А зэхуэсыр къызэригъэпэщын ипэ къихуэу Сэхъурокъуэр ечэнджэщащ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Черкесым я цIыхубэ тхакIуэ, Урысейм ГуащэдэкIымкIэ и ЛIыхъужь МэшбащIэ Исхьэкъ, ди лъэпкъым къыхэкIа нэгъуэщI цIыху цIэрыIуэ куэдым.

Мурад нэхъыщхьэр Олимпиадэм зэрызыхуагъэхьэзырыр, абы пыщIа гупсысэхэр цIыхухэм ялъэгъэIэсынырт, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ зэгурыIуэныгъэрэ зэхэщIыкIрэ я зэхуаку дэлъынырт. Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я лIыкIуэ 56-рэ зыхэт гупыр Сочэ, Шапсыгъым, Кичмай ЦIыкIумрэ Кичмай Инымрэ, Лазаревскэм щыIащ, икIи «Фыкъеблагъэ тхыдэ щIыналъэм!» къыхуеджэныгъэм щIэту къапежьащ. Сэхъурокъуэ Хьэутий зэрыжиIэмкIэ, ар сэбэп хъуащ хамэ щIыпIэхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр гъунэгъу зэхуэхъунымкIэ, я Iуэху еплъыкIэ жаIэнымкIэ зэчэнджэщу, нэхъ тэмэмым къытеувыIэнымкIэ. Ди къуэшхэр яIущIащ къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэм а зэманым пэрытахэу Козак Дмитрий, Ткачев Александр, Чернышенко Дмитрий сымэ.

Сочэ щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм я къызэгъэпэщакIуэ гупым зэгурыIуэныгъэкIэ зэраубзыхуам тету, 2014 гъэм адыгэ лъэпкъми гулъытэ хэха игъуэтауэ щытащ, Олимп паркым «Адыгэ унэ» къыщызэIуахат, ди лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэм, и щэнхабзэм ущигъэгъуазэу. «Сочэ щекIуэкIа ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр дунейпсо мыхьэнэ зиIэ зэхыхьэ къызэрымыкIуэт, Урысейм и лъэпкъыбэм щыщ адыгэхэм (черкесхэм) я щэнхабзэ щIэиныр, тхыдэр, хабзэр, хьэщIагъэр, шыфэлIыфэр дуней псом ирагъэлъагъунымкIэ Iэмал къаритащ. Адыгэхэм я щэнхабзэр утыку кърахьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Черкесым, Адыгейм, Краснодар крайм къикIа ди лъэпкъэгъухэм. Ахэр щызэхуэс Адыгэ унэр куэдым я плъапIэ хъуат, щIэупщIэшхуи иIащ. Зы махуэм къриубыдэу цIыху минитIым щIигъу щызэблэкIырт абдеж», — игу къегъэкIыж Хасэшхуэм и тхьэмадэм.

Урысейм хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергей къыхигъэщхьэхукIат абы щыгъуэм: «Адыгэхэм я псэкупсэ, щэнхабзэ щIэиныр Урысейм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэдым я щхьэхуэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ».

ХьэщIэу кIуа ди лъэпкъэгъухэр Олимп Джэгухэм пщIэншэу ирагъэплъащ. Олимпиадэр къыщызэIуахым зэгъусэу зэдыхэтащ икIи тхьэмахуэкIэ щыIащ.

Сэхъурокъуэм къызэрилъытэмкIэ, а лъэхъэнэр лъэпкъ Iуэхур ипэкIэ зыгъэкIуэта лъэбакъуэ хъуащ: хамэ къэралхэм къикIа ди лъэпкъэгъухэм щыпсэу щIыпIэхэм Iуэхур зыIутыр щагъэхъыбарыжащ, абы щыIахэм ящыщ куэд иджыпсту Дунейпсо Адыгэ Хасэм щолажьэ.

Дэтхэнэми и гъащIэр и Хэкум епхащ

Зэманыр шэрхъщи, мэкIэрахъуэ, жеIэ адыгэ псалъэжьым. Ар кIуэтэху зэхъуэкIыныгъэщIэхэр къыздехь, цIыху щхьэхуэми, жылагъуэми, къэралми къалэныщIэхэр къыхуегъэув. Хьэутий къыхегъэщ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и Илъэсым ди къэралым и унафэщIхэм лъэпкъ политикэм, цIыхухэр нэхъри зэкъуэгъэувэным ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ къалэн зыбжанэ къазэрыхуигъэувыр. Абы папщIэ а Iуэхухэр зи нэIэ щIэт институтхэмрэ политикхэмрэ мэлажьэ, унафэ къыщащтэкIэ, зытрагъащIэр иджырей зыужьыныгъэхэрщ, блэкIа ехъулIэныгъэхэр къалъытэкIэрэ.

— Ди къэралым и Президентым дызэрыт зэманым къыхегъэщ ди Хэкум дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхугъуитI. Япэр — дзэ Iуэху хэхарщ, етIуанэр – лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэрщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, лъэпкъхэр, цIыхухэр зылI и быну зэкъуэувэу къэралым и хуитыныгъэр ямыхъумамэ, дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм сытыт къыщыхъунур? Фронтым Iут ди щIалэ хахуэхэр зэрызэхущытыр сыт и уасэ, зыр адрейм «къуэшкIэ» еджэу.

Апхуэдэу щытми, Урысейм ис лъэпкъхэм я зэхэщIыкIыр, я щхьэхуэныгъэхэр яхъумэжын папщIэ лэжьыгъэ убзыхуа йокIуэкI. Къэралым и Iэтащхьэм цIыхухэр къыхуреджэ щхьэж и лъэпкъ щэнхабзэм, хабзэм, бзэм хуэсакъыну, ихъумэну, зригъэужьыну, — жеIэ Хьэутий. — Абы, ди мызакъуэу, ди бынхэмрэ къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ я дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ. Сэ абыхэм ящIэну, я фIэщ хъуну сыхуейщ я къэкIуэнур Хэкум, я къэралым епхауэ зэрыщытыр. КъыдэкIуэтей щIэблэм ди къэралым и тхыдэр ищIэн, фэеплъ щIыпIэхэм кIуэн, я зэфIэкIхэмкIэ зэхъуэжэн, щэнхабзэмрэ хабзэмрэ пщIэ хуащIын, лIыхъужьхэм я фэеплъыр ягъэлъэпIэн хуейщ. Ди Президентым зэрыжиIэм тету, лъэпкъ зэхэщIыкIыр – бзэр, щэнхабзэр, тхыдэр, хабзэхэр ящIэжу, Урысей къэралыгъуэри, абы и лъапIэныгъэхэри ягъэбыдэу, яхъумэу щытын хуейщ. Си щхьэкIэ, си къуэрылъхухэм къэкIуэну дахэ яIэну, къахуэзгъэнэну сыхуейщ. Мыхьэнэшхуэ иIэщ уи Хэкур фIыуэ плъагъуным, зэбгъэцIыхуным, уяпэ итахэм псы щIыIэ фалъэ къыщрагъэхъуэу щыта псынэм уэри зыщыбгъэтхъэжыным, Лагъуэ-Накъэ, Iуащхьэмахуэ лъапэ, Архъыз, Байкал, нэгъуэщI щIыпIэ гуакIуэхэм зыщуплъыхьыным. Къэралышхуэм и дэнэ щIыпIи уи унэжьу къыпщыхъуу ущыIэныр гурыщIэ лъапIэщ. Урысейм — Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Черкес республикэхэм — я закъуэщ ди бзэр къэралыбзэу къыщалъытэр. Бзэр къызэтенэмэ — лъэпкъыр псэунущ.

Сэхъурокъуэм зэрыжиIэмкIэ, нобэ ди къэралым щыпсэухэр хущIэкъун хуейщ гъащIэм и лъэныкъуэ псоми щыпэрыту щытыным. Щапхъэу тхыдэм къыхихащ Урысей къэралыгъуэр зэфIэувэным хэлIыфIыхьа Черкасскэхэр, совет, урысей дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юрэ, физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Къумахуэ Мурадин, тхакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, нэгъуэщIхэри.

Ди зэпыщIэныгъэхэр быдэщ

Адыгэхэр щыпсэу къэралхэм щызагъэу, зыхэсхэм ягурыIуэу, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, пщIэ къыхуащIу зэрыщытыр Сэхъурокъуэ Хьэутий къыхегъэщ. Ар абыхэм щIэхщIэхыурэ яхохьэ, мазищ къэс зэ я лIыкIуэхэр — ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым и зэIущIэхэм, илъэсым зэ гуп зэрыIыгъыу ДАХ-м и Хасащхьэм и зэхуэсышхуэм — къокIуэ. Къапщтэмэ, ДАХ-р нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэм унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ ядолажьэ: адыгэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм сыт щыгъуи япыщIащ, лъэпощхьэпо къыкъуэкIмэ, зэфIах, бзэр хъумэным ехьэлIа Iуэхухэр къызэрагъэпэщ, анэдэлъхубзэр зэзыгъэщIэну хуейхэм пыIудзауэ дерсхэр драгъэкIуэкI, щIалэгъуалэр Урысей еджапIэ нэхъыщхьэхэм щрагъаджэ. Тыркум, Щамым, Иорданием, Израилым щыщ сабийхэр Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгэ Республикэмрэ я лагерхэм зыщагъэпсэхуну кърагъэблагъэ. Апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэр сэбэп мэхъу щIэблэм адэжь щIыналъэр егъэцIыхуным, абы пыщIауэ щытыным теухуауэ.

Иджыпсту адыгэхэр я адэжь хэкум, Урысейм, къинэмыщIауэ, Тыркум, Щамым, Иорданием, Израилым, Ливием, Иранным, США-м, КъухьэпIэ Европэм хыхьэ къэралхэм щопсэу. Ахэр 53-м щIегъу. Иджыблагъэ а къэралхэм къахэхъуащ Япониемрэ Сингапурымрэ. Абыхэми дяпэкIэ Хасэ къыщызэрагъэпэщынущ.

«Дэнэ щыпсэури адэжь лъахэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Черкесым, Ищхъэрэ Осетие-Аланием, Краснодар, Ставрополь крайхэм щыпсэу адыгэхэм къапыщIащ.

Адрей лъэпкъхэми яхуэдэу, адыгэхэм Урысейр я хэкущ, къэралышхуэм и къекIуэкIыкIар я зэхуэдэ тхыдэщ. УФ-м щыпсэу адрей лъэпкъхэм я гъусэу, адыгэхэм ягъэващ тхыдэм къыхэщыж гуауэхэр, апхуэдэуи IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехъулIэныгъэхэр щызыIэрагъыхьащ, Урысейр ипэкIэ ягъэкIуатэу. Ди лъэпкъым къыхэкIащ къэрал псом щыцIэрыIуэ тхакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, музыкантхэр, спортсменхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

Апхуэдэ дыдэу хэхэс адыгэхэми къахэкIащ зэрыс къэралхэм я правительствэхэм, IэщэкIэ Уэзда Къарухэм, полицэм къулыкъу лъагэхэр щызыIыгъхэр. Абыхэм мымащIэу яхэтщ дуней псом щыцIэрыIуэ дэзэешэхэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр, спортсменхэр, инженерхэр, архитекторхэр.

Гуапэщ адыгэхэр нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэм, нэгъуэщI дин зезыхьэхэм, нэгъуэщI щэнхабзэ зиIэхэм ягурыIуэу, мамыру, гуфIэгъуэри гузэвгъуэри зэдагуэшу зэрыпсэур плъагъуныр.

Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, Тыркум щыIэ адыгэхэм я бжыгъэкIэ къэралым ещанэ увыпIэр щаIыгъщ. Абы щылажьэ Кавказ Хасэхэм я федерацэм къалэ, вилайет зэхуэмыдэхэм къудамэ 56-рэ щиIэщ.

Иорданием щыIэ ди лъэпкъэгъухэр дуней псом къыщацIыху. 1921 гъэ лъандэрэ Хьэшимит пащтыхьыгъуэм и унафэщIхэм я щхьэхъумэр лъэпкъ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа адыгэхэращ.

Израилым и Кфар-Камэ, Рихьание къуажэхэм шапсыгърэ абазэххэу 6000-м нэблагъэ щопсэу. А жылагъуэхэм адыгэ гъэсапIэхэр, курыт еджапIэхэр щолажьэ», – жеIэ Сэхъурокъуэм.

Урысейм и хэгъуэгухэм щылажьэ Адыгэ Хасэу 8 хэтщ ДАХ-м. Тхьэмадэм зэрыжиIэмкIэ, ахэр лъэпкъ, дин зэгурыIуэныгъэхэм и телъхьэу, Урысейм и зыужьыныгъэм хуэлажьэу апхуэдэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Черкесым я лIыщхьэхэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм сыт и лъэныкъуэкIи зыкъыщIагъакъуэ икIи абы и лэжьыгъэм пщIэшхуэ къыхуащI. Апхуэдэ дыдэуи хамэ къэралхэм щыIэ ди лъэпкъэгъухэм ядолажьэ, ДАХ-м и лIыкIуэхэм щIэх-щIэхыурэ яхуозэ.

Зи гугъу тщIы Iуэху псори зэригъэзахуэу, шу пашэу нобэ дяпэ ит нэхъыжьыфIыр узыншэну, и мурадхэмрэ и гугъапIэхэмрэ хуэфащэн къарурэ зэфIэкIрэ иIэну, хузэфIэкI къимыгъанэу зыхуэлажьэ лъэпкъым и зыужьыныгъэм щыгуфIыкIыу куэдрэ псэуну дохъуэхъу!

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
КъБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист**

Псэужамэ, илъэс 90 ирикъунут

АртистыцIэр зехьэгъуафIэкъым. ЩIыземыхьэгъуафIэри? Артист ухъун папщIэ уи щIыбагъ цIыху пэжхэр къыдэтыпхъэщ, уджалэмэ укъаIэтыжыфу, уаутхыпщIыжыфу, уи гур къекIуами, ар къызэрагъэгъуэтыжыну хьэзыру. Мис апхуэдэхэр уи гъащIэм хэтмэщ зыббжыжыну нэхъ къыщекIур уехъулIауи, щхьэмахуэ ухъуауи.

Сценэр — фащэу хуадам хуэдэт

Ипэ силъадэу жысIэнщи, мы тхыгъэр зытезухуэн си гугъэ АРГУН Олег Умар и къуэм — Абхъаз АССР-м щIыхь зиIэ и артист, гуащIэдэкIым и ветеран, Акъ Мухьэрбэч и цIэр зезыхьэ адыгэ драмэ театрым и актер пажэхэм, курыххэм ящыщу лъэпкъ гъуазджэм илъэс куэдкIэ хуэпсэуа, хуэлэжьам, зыкъом щIащ и фэеплъыр дгъэлъапIэу щIэджыкIакIуэхэм дакъыхутепсэлъыхьыну зэрыигъуэрэ. УзэплъэкIыжыхун нэм къыщIоуэ, гум къоуэ абы журналистхэм хужаIамрэ хуатхамрэ емыкIу дыдэу зэрымащIэр...

Тхьэр сэнаущ инкIэ къызыхуэупса адыгэ артистым и щыIэкIэу, лэжьэкIэу щытам ныбжь тедзауэ къызэрынэм, си щхьэкIэ къэсщтэнщи, сегъэцIыкIу. Лъэпкъ Iуэхум и ужь ита дэтхэнэ нэрыбгэми псэу щIыкIэ хуэфащэр хуащIэкъым, жраIэкъыми аращ мис мыпхуэдэу тобэ къозыгъэхьыж гупсысэхэр иужьым къыщIэушыр.

Фи фIэщ фщIы, Олег, инэхъыбэм ар Уэлийуэт къызэрацIыхур, адыгэ псалъэ хуэбгъэзэну хуэфащэщ. Ар зыщIэса унэм и гъунэгъуу си ныбжьэгъу щIалэхэр псэути, махуэ къэс слъагъут и кIэстум кусэ гъуабжэр щыгъыу тетIысхьэпIэм тесу е и IитIыр и щIыбкIэ зэрыдзауэ пщIантIэ кIуэцIыр хуэму къызэхикIухьу. ЩыслъагъукIэ: «Дэнэу пIэрэт мы лIым сыздрихьэлIар, и нэIур сыту си нэIуасэ?», — жысIэт. Къызэрыщ-Iэкlамкlэ, курыт еджапIэм класс нэхъыщIэхэм сыщыхэсам, адыгэ театрыр таурыхъ дигъэлъагъуну нытхуэкIуэрейти, Олегт нэхъ дыхьэшхэн, нэхъ шынагъуэ ролхэр зыми хуэмыдэу дэгъуэу зыгъэзащIэу яхэтыр.

Аргун Олег къиухащ Руставелли Шота и цIэр зезыхьэ Тбилиси Къэрал Театр институтыр. Ар адрейхэм ямыщхьу, къахэнэIукIыу зэрыщытымрэ драмэу тха пьесэхэм къемыхьэлъэкIыу зэрыщыджэгуфымрэ Тхьэм къыбгъэдэкIа тыгъэу къыщIэкIынти, Куржым къриха щIэныгъэ куур адыгэ театрым щихьа махуэм щегъэжьауэ сценэр фащэу хуадам хуэдэу лэжьэн щIидзат. Ар зэхуэдэу лъэщу иувэфт комедиер, психологиер зи лъабжьэ ролхэм. Апщыгъуэм дежи, къиджэгуну и пщэ илъым и еплъыкIэ хилъхьэмэ нэхъ къищтэу.

Зэзэмызэ, игъэзащIэ ролым апхуэдизу зыдригъэхьэхыщэти, сценарийм хэмыт псалъэхэр, имыкъалэн гуэрхэр къыхигъахуэурэ, спектаклым къыдыхэтхэр Iэнкуну, ящIэнур ямыщIэу къигъанэт. ЩIалэ гъур кIыхыр, щхьэц баринэр, Iэпкълъэпкъ лантIэ зиIэ артистыр Iупхъуэ къуагъым къыкъуэкIыурэ сценэм къыщытехьэкIэ, театреплъхэм я гулъытэр зыIэпишэт и зекIуэкIэмкIэ, и плъэкIэмкIэ, и псэлъэкIэмрэ и пэ кIыхь къуаншэмрэкIэ.

Абы театр утыкум щыжиIэ дэтхэнэ псалъэри макъ Iэтакlи гъэлъэхъшакIи залым и иужьрей сатырым нигъэст, щысхэр зэIылъэлъу игъэдыхьэшхыу, я гу лъащIэм щIэIэбэу. УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIыщмахуэ Фатимэ Аргуным теухуауэ игу къигъэкIыжхэр гъэщIэгъуэнщ:

«Сценэ утыкур зэдэгуэшыныр щIыхь тщыхъуу дыздэлэжьащ Олегрэ сэрэ. Хуабжьу къыстепсыпсыхьу, къысхуэсакъыу си ужьым итащ ар, сришыпхъу нэхъыщIэ цIыкIум хуэдэу. Ди лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр арат: Iуэхущlапlэм сыхьэтыр 11-м дыкIуэти 14-м нэгъунэ дылажьэт, итIанэ, зыдгъэпсэхуа нэужь, пщыхьэщхьэм сыхьэтыр 18-м щIэддзэти 23-м нэс репетицэхэр едгъэкIуэкIт. Сэ театрым сыщыIухьам унагъуэ сщIагъэххэти, Олег дгъэув таурыхъым хэмытмэ, унэм мыкIуэжу, «Юрэ хуэзэнукъым уигъэкIуэтэжыну, уэрамым зигу Iей илъ куэд щызокIуэ, уи закъуэ узмыгъэкIуэжыфыну, ФатIимэт, накIуэ, уи бжэIупэм нэгъунэ сыпкIэлъыкIуэтэнщ», жиIэурэ пщыхьэщхьэ къэс си подъездым сыщIигъэхьэжт».

Пэжщ, Олег къэзыцIыхуу щытахэм зыжьэу жаIэт: «Ар зыдеджахэми, театрым ищхьэ щIэныгъэ зэзмыгъэгъуэтауэ къыдыIутахэми и дуней тетыкIэкIи, и теплъэкIи, и цIыхугъэкIи, и псэлъэкIэкIи, и джэгукIэкIи зыхуэбгъадэ хъун яхэтткъым». Уеблэмэ, къэбэрдей театрым и набдзэу тлъытэ ТIыхъужь Алий зыгуэркIэ ирагъэщхьт Аргуныр, уеблэмэ. ТIури я нэпкъпэпкъкIэ, Iэпкълъэпкъкlэ зэщхьыркъабзэт. Олег Алий зэромыгъэщхь хъунур зэрынэхъ лъахъшэ закъуэрат.

Тхьэм къритауэ зэчий хэлът Олег. ЖыдоIэкъэ, Никулин имыщIэIами, зэрытлъагъу къудейм дридыхьэшхыу. Артист нэгъэсауэ Зеикъуэ къуажэм къыдэкIа ди лъэпкъэгъури апхуэдащ. Зы щапхъэ цIыкIу къэтхьынщ, Абдокъуэ Маталио игъэува «ЕпцIыжакIуэм и анэ» спектаклыр Къэбэрдейм къыщагъэлъагъуэу абы къыщыщIа зы щIэщхъум теухуауэ.

Iуэхур здекIуэкIыр къуажэм дежт. Олег — партизан отрядым и командиру, КIыщмахуэ Фатимэ — партизанхэмрэ къуажэдэсхэмрэ я зэпыщIакIуэу, Акъ Мухьэрбэч абы и дэлъхуу, Беслъэней Хьисэ – нэмыцэ офицеру спектаклым щыджэгут. Иджы сюжетым зэритымкIэ, партизанхэм я унафэщIымрэ зэпыщIакIуэ бзылъхугъэмрэ щIыбым щызэхуэзауэ щэху цIыкIуу зэпсалъэу, пщIантIэм зы офицер къыдохьэж. Ар къэсыжа нэужь, партизаным — Олег зричу мэзым хэлъэдэжын хуейуэ щытти, зыщричым, зы лъэбакъуэ нэхъ имыщIу и лъэгуажьэ зэрытыпIэр фIэхури, жыхэфэгум йукIурият, къэмытэджыжыфу.

Сюжетыр зэрыщыту зэхэтхъуа мэхъу. Офицерыр къыдыхьэжащ, абы гу лъызыта зэпыщIакIуэр унэм щIэмыхьэжыфу и пIэм къинащ, иригъэжьэжын хуеи офицерри залым щIэсхэм закъримыгъэщIэну хэтщи, мэхаифэ зытригъэуауэ, щылъщ...

Фи нэгу къыщIэвгъыхьэт, спектаклыр йокIуэкI, артистхэр зыпэмыплъа къэхъугъэ яку къыдэхуащ. Къыдэзыхыжын Iэмал хуемыкIуэмэ спектаклыр зэпыуа зэрыхъунур къыгуроIуэри, Мухьэрбэч и щIыбымкIэ офицерыр зэхуищIурэ унэм щIегъыхьэж, къыщIокIыжри: «ТIимэ, сыт мыбдеж ущIыщытыр? Мы щылъри сыт, зи унагъуэ бэгъуэн?», жеIэ, зи лъакъуэ лъэныкъуэр темыувэж и джэгуэгъур, Олег къеIэтыжри, сценэм ирехыж, Iэгуауэ иным щIэту.

Абхъаз АССР-м зыгъэ щекIуэкIауэ щытащ Къэрэшей-Черкес лъэпкъ театрым и адыгэ гупым и зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр. Ди хэкуэгъухэм сценэм трахьащ «ЩIы Iэмыщ1э» драмэмрэ «Дыщэ щхьэл» таурыхъымрэ. Япэрейр ТхьэицIыху Бемырзэ и романым драматургхэу Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ Абдокъуэ Маталиорэ къытращIыкIа драмэт, етIуанэр зытхар Абдокъуэмрэ АбытIэ Владимиррэт. Къуэш абхъазхэм ирагъэлъэгъуа спектаклхэр цIыхугум зэрыхихьам, сценэм Iэзагъыу къыщагъэлъэгъуам папщIэ артистхэу Аргун Олегрэ КIыщмахуэ Фатимэрэ апщыгъуэм къыфIащащ «Абхъаз АССР-м щIыхь зиIэ и артист» щIыхьыцIэхэр, артистхэу Думэныщ Владимиррэ ДыщэкI Мирозэрэ къратащ Абхъаз АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъхэр.

Iэгуауэм щIидзэт Олег сценэм къызэрихьэу. КIыщмахуэ Фатимэ зэрыжIэжымкIэ, ар щыдэгукIэ псалъэхэр щыгъупщэжамэ, адыгэбзэр зыми хуэмыдэу гъэщIэгъуэну къызэригъэсэбэпымрэ ролым зэриувэмрэкIэ театреплъхэр къихьэхужт, и ныкъусаныгъэхэм гу лъамытэ щIыкIэ.

КъЧР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэдэкIуей Фатимэ игу къегъэкIыж Олег щыдэлэжьа зэманыр:

«Олегрэ сэрэ дызэкъуажэгъут, щытыкIэхэр, узытекI мыхъун хьэлщэнхэм емыкIумрэ ахъшэ нэ-хъыбэ къэлэжьынымрэ къэпалъытурэ.

Мы сериалым дежи абы щигъэзащIэ ролыр — Егор, нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, «Юстасс» уэчыл фирмэм и къызэгъэпэщакIуэщ икIи и унафэщIщ. Егорым и лэжьэгъухэщ Артёмрэ (Калимулин Эльдар) Людэрэ (Вилковэ Екатеринэ). Ар езыр зыхуэткIиижыныр зи хьэл, сыт щыгъуи жан, зи компанэр хьилагъэкIэ къэзыIэтыну пылъ, ауэ зи лэжьэгъухэм къащхьэщыж щIалэщ.

Сериалым и режиссёрщ Тележинский Леонидрэ Пармас Аннэрэ. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, проектым къызэщIеубыдэ комедиери, драмэри, уеблэмэ гъащIэм къыщыхъу мыхъумыщIа-гъэхэр ауан хэлъу къэзыгъэлъагъуэ сатирэри.

«СэркIэ дапщэщи гъэщIэгъуэнт комедие гъэпсыкIэу щыт зэпсэлъэныгъэхэр. Ар жанр къызэрыкIуэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ущие лъэпкъ къыхомыгъахуэу зэпкърыпхын хуей мэхъу гур зыгъэузым, зыгъэпIейтейм, социальнэ зэпэщIэуэныгъэхэм яхьэлIа лъэныкъуэхэр.

Ди сериалым жанр зэхуэмыдэхэр щызэлъоIэс, абдеж комедием хэхуэнащ драмэмрэ щIагъыбзэхэмрэ. Мыр икIи бадди-муви жыхуиIэ жанрри зи лъабжьэ художественнэ фильму плъытэ хъунущ: ныбжьэгъугъэкIэ зэпыщIа, ауэ дунейми, IэщIагъэми, гъащIэми еплъыкIэу хуаIэмкIэ ауи зэмыщхь уэчылитIыр зэдэIэпыкъужурэ, зыр зым и деж зыщигъасэурэ нэхъыфI зэрызащIымкIэ. Апхуэдэ гуп зэгъ дызэрыгъэхъуащ Пармас Аннэрэ сэрэ. ТIуми нэгъэсауэ зыхыдощIэф ешэжьа уэршэрым и псынщIагъыр, тыншуи зэхыдогъэкIыф драмэмрэ комедиемрэ зыхэлъ къэхъугъэхэр. Абы къикIыр аращи, еплъыкIитIыр зэранзэхуэхъукъым, атIэ, зэхуощхьэпэ мыхъумэ», — и гупсысэхэмкIэ мэгушэ «Адвокаты» проектым и режиссёр Тележинский Леонид.

«Проектыр къетхьэжьэну мурад тщIащ уэчыл бюром и лэжьакIуэ дыдэхэм дахуэза нэужь. Абыхэм цIыху куэдым онлайн Iэмалкlэ ирагъэгъуэт юридическэ хуэIухуэщIэхэр. Бюром зыкъыхуэзыгъазэхэр зэхуэдэкъым я мылъкукIи, я псэукIэ щытыкIэкIи. ИкIи, дэ тщыщ куэдым хуэдэу, къэрал хабзэхэм къарурIэмрэ лъэкIыныгъэу къыуатымрэ хэзымыщIыкIхэм ар ядоIэпыкъу. Бюром Iут юристхэр хахуэу япыкъуокI гузэвэгъуэ ихуахэм, жыпIэнурамэ, дыхьэшхэну яфIызэхэзэрыхьа Iуэхухэм къыхашыж. Дэ дыхуейт апхуэдэ IэщIагъэлIхэм ятеухуауэ сериал тетхыну», — къыхигъэщащ Пармас Аннэ.

Зыгъэхьэзырар АБЫКЪУ Къамырзэщ

Зеикъуэ адыгэ спектаклхэр ныщашэкIэ, хьэблэдэс цIыкIухэр клубым дызэрыхьт. НэкIуа артистхэм, Олег япэ зэриту, сызрагъэхъуапсэт хуиту икIи мыукIытэу утыкум зэритыфымкIэ: «Сэри артисткэ сыхъуащэрэт», жызгъэIэу. Артур и анэм игъусэу здэпсэуа унэмрэ Олег и унэмрэ зэпэщытти, пщыхьэщхьэм спектакль къыщыттыну хъыбарыр зэхэзыха ди хъыджэбзхэр театрым нажэти еплът адэ къуэш пэлъытэу яIэ Олег сценэм зэрыщыджэгум.

ИтIанэ, абы ищIэр арат, улахуэ къыщыщIихкIэ, ди бынитIым кIэнфет зэмылIэужьыгъуэхэр, щIэщыгъуэу тучан дапхъэхэм къытехуа сникерсыр Iэмал имыIэу къахуищэхут. Дипхъу нэхъыщIэ Аня сабий Iыгъыпlэм ишэкъишэжурэ ди гузэвэгъуэр тщхьэщихт щытхущIэмыхьэм деж. Зэи тщыгъупщэжкъым ар, Артуррэ сэрэ куэдрэ дропсэлъэж абы щIыгъуу ткIуа творческэ гъуэгуанэм».

Аргун Олег щIалэкъэмышэу къэгъуэгурыкIуащ, абы и унагъуэуи и быдапIэуи щытар псэкIэ фIыуэ илъэгъуа адыгэ театрращ — сценэ гъуазджэращ. Арагъэнущ ар сабийхэм нэ лейкIэ яплъу, ахэр игъафIэу, бзылъхугъэхэм, ныбжь ит цIыхухэм гущабэу япыкъуэкIыу щIыщытар.

Псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 90 зэрырикъунур игъэлъэпIэнут накъыгъэм и 1-м. Тхьэм здэкIуэжам щигъэтынш. Адыгэ театрыр зыхуэлажьэр лъэпкъым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр ипэкIэ гъэкIуэтэнращи, гур хэзыгъахъуэ артисту ар утыку зэритам, фэеплъ нэхуу сабиигухэм къринам папщIэ, дыхуэарэзыщ!

ЛЫХЬ Тимур

Киногъуазджэ

Уэчыл ролымкIэ

Къэрэшей - Черкесым щыщ адыгэхэм къытхэкIа БРАТХЭ Руслан накъыгъэм и 29-м щыщIэдзауэ МТС-м и КИОН онлайн-кинотеатрымкIэ къыщагъэлъэгъуэнущ «Адвокаты» урысей сериалым хэту. Руслан зи къуэрылъхур адыгэ лъэпкъым и прозаик лъэрыхь, тхакIуэ, усакIуэ цIэрыIуэ, "Черкес хэку" газетым илъэс куэдкIэ щылэжьа Братхэ Хьэбасщ.

1986 гъэм мазаем и 6-м Братхэ Руслан Черкесск къалэм къыщыхъуащ. 2012 гъэм абы къиухащ театр гъуазджэмкIэ Урысей академием и режиссёр факультетыр (ГИТИС), Хейфец Леонид и лъэщапIэм щеджащ.

«Адвокаты» сериалыщIэр — ар махуэ къэс Iуэху хьэлъэхэм пэщIэу-вэ, зыпэмыплъа къалэнхэр къызыхуагъэув юрист гупым теухуа комедиещ. Сюжетым къызэрыщыхьамкIэ, уэчылхэм зэхагъэкIын хуейуэ я пщэ илъщ унагъуэхэм яку къыдэхуа зэгурымыIуэныгъэхэр, зэгъунэгъу-хэр зыхэхуа зэдауэ, икъукIэ мыхьэнэ зимыIэ хэлъэдэжын хуейуэ щытти, зыщричым, зы лъэбакъуэ нэхъ имыщIу и лъэгуажьэ зэрытыпIэр фIэхури, жыхэфэгум йукIурият, къэмытэджыжыфу.

Сюжетыр зэрыщыту зэхэтхъуа мэхъу. Офицерыр къыдыхьэжащ, абы гу лъызыта зэпыщIакIуэр унэм щIэмыхьэжыфу и пIэм къинащ, иригъэжьэжын хуеи офицерри залым щIэсхэм закъримыгъэщIэну хэтщи, мэхаифэ зытригъэуауэ, щылъщ...

Фи нэгу къыщIэвгъыхьэт, спектаклыр йокIуэкI, артистхэр зыпэмыплъа къэхъугъэ яку къыдэхуащ. Къыдэзыхыжын Iэмал хуемыкIуэмэ спектаклыр зэпыуа зэрыхъунур къыгуроIуэри, Мухьэрбэч и щIыбымкIэ офицерыр зэхуищIурэ унэм щIегъыхьэж, къыщIокIыжри: «ТIимэ, сыт мыбдеж ущIыщытыр? Мы щылъри сыт, зи унагъуэ бэгъуэн?», жеIэ, зи лъакъуэ лъэныкъуэр темыувэж и джэгуэгъур, Олег къеIэтыжри, сценэм ирехыж, Iэгуауэ иным щIэту.

Абхъаз АССР-м зыгъэ щекIуэкIауэ щытащ Къэрэшей-Черкес лъэпкъ театрым и адыгэ гупым и зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр. Ди хэкуэгъухэм сценэм трахьащ «ЩIы Iэмыщ1э» драмэмрэ «Дыщэ щхьэл» таурыхъымрэ. Япэрейр ТхьэицIыху Бемырзэ и романым драматургхэу Дэбагъуэ Мухьэмэдрэ Абдокъуэ Маталиорэ къытращIыкIа драмэт, етIуанэр зытхар Абдокъуэмрэ АбытIэ Владимиррэт. Къуэш абхъазхэм ирагъэлъэгъуа спектаклхэр цIыхугум зэрыхихьам, сценэм Iэзагъыу къыщагъэлъэгъуам папщIэ артистхэу Аргун Олегрэ КIыщмахуэ Фатимэрэ апщыгъуэм къыфIащащ «Абхъаз АССР-м щIыхь зиIэ и артист» щIыхьыцIэхэр, артистхэу Думэныщ Владимиррэ ДыщэкI Мирозэрэ къратащ Абхъаз АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ЩIыхь тхылъхэр.

Iэгуауэм щIидзэт Олег сценэм къызэрихьэу. КIыщмахуэ Фатимэ зэрыжIэжымкIэ, ар щыдэгукIэ псалъэхэр щыгъупщэжамэ, адыгэбзэр зыми хуэмыдэу гъэщIэгъуэну къызэригъэсэбэпымрэ ролым зэриувэмрэкIэ театреплъхэр къихьэхужт, и ныкъусаныгъэхэм гу лъамытэ щIыкIэ.

КъЧР-м щIыхь зиIэ и артисткэ КIэдэкIуей Фатимэ игу къегъэкIыж Олег щыдэлэжьа зэманыр:

«Олегрэ сэрэ дызэкъуажэгъут, щытыкIэхэр, узытекI мыхъун хьэлщэнхэм емыкIумрэ ахъшэ нэ-хъыбэ къэлэжьынымрэ къэпалъытурэ.

Мы сериалым дежи абы щигъэзащIэ ролыр — Егор, нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, «Юстасс» уэчыл фирмэм и къызэгъэпэщакIуэщ икIи и унафэщIщ. Егорым и лэжьэгъухэщ Артёмрэ (Калимулин Эльдар) Людэрэ (Вилковэ Екатеринэ). Ар езыр зыхуэткIиижыныр зи хьэл, сыт щыгъуи жан, зи компанэр хьилагъэкIэ къэзыIэтыну пылъ, ауэ зи лэжьэгъухэм къащхьэщыж щIалэщ.

Сериалым и режиссёрщ Тележинский Леонидрэ Пармас Аннэрэ. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, проектым къызэщIеубыдэ комедиери, драмэри, уеблэмэ гъащIэм къыщыхъу мыхъумыщIа-гъэхэр ауан хэлъу къэзыгъэлъагъуэ сатирэри.

«СэркIэ дапщэщи гъэщIэгъуэнт комедие гъэпсыкIэу щыт зэпсэлъэныгъэхэр. Ар жанр къызэрыкIуэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ущие лъэпкъ къыхомыгъахуэу зэпкърыпхын хуей мэхъу гур зыгъэузым, зыгъэпIейтейм, социальнэ зэпэщIэуэныгъэхэм яхьэлIа лъэныкъуэхэр.

Ди сериалым жанр зэхуэмыдэхэр щызэлъоIэс, абдеж комедием хэхуэнащ драмэмрэ щIагъыбзэхэмрэ. Мыр икIи бадди-муви жыхуиIэ жанрри зи лъабжьэ художественнэ фильму плъытэ хъунущ: ныбжьэгъугъэкIэ зэпыщIа, ауэ дунейми, IэщIагъэми, гъащIэми еплъыкIэу хуаIэмкIэ ауи зэмыщхь уэчылитIыр зэдэIэпыкъужурэ, зыр зым и деж зыщигъасэурэ нэхъыфI зэрызащIымкIэ. Апхуэдэ гуп зэгъ дызэрыгъэхъуащ Пармас Аннэрэ сэрэ. ТIуми нэгъэсауэ зыхыдощIэф ешэжьа уэршэрым и псынщIагъыр, тыншуи зэхыдогъэкIыф драмэмрэ комедиемрэ зыхэлъ къэхъугъэхэр. Абы къикIыр аращи, еплъыкIитIыр зэранзэхуэхъукъым, атIэ, зэхуощхьэпэ мыхъумэ», — и гупсысэхэмкIэ мэгушэ «Адвокаты» проектым и режиссёр Тележинский Леонид.

«Проектыр къетхьэжьэну мурад тщIащ уэчыл бюром и лэжьакIуэ дыдэхэм дахуэза нэужь. Абыхэм цIыху куэдым онлайн Iэмалкlэ ирагъэгъуэт юридическэ хуэIухуэщIэхэр. Бюром зыкъыхуэзыгъазэхэр зэхуэдэкъым я мылъкукIи, я псэукIэ щытыкIэкIи. ИкIи, дэ тщыщ куэдым хуэдэу, къэрал хабзэхэм къарурIэмрэ лъэкIыныгъэу къыуатымрэ хэзымыщIыкIхэм ар ядоIэпыкъу. Бюром Iут юристхэр хахуэу япыкъуокI гузэвэгъуэ ихуахэм, жыпIэнурамэ, дыхьэшхэну яфIызэхэзэрыхьа Iуэхухэм къыхашыж. Дэ дыхуейт апхуэдэ IэщIагъэлIхэм ятеухуауэ сериал тетхыну», — къыхигъэщащ Пармас Аннэ.

Зыгъэхьэзырар АБЫКЪУ Къамырзэщ

Контракт къулыкъу



СТАНЬ ПРИМЕРОМ ПАТРИОТИЗМА И ГОРДОСТИ
для будущих поколений — выбери путь единства, братства и преданного служения Родине

В Карачаево-Черкесии объявлен набор в элитное добровольческое интернациональное подразделение «Домбай».

Подразделение «Домбай» – это особые условия службы по контракту для мужчин от 18 до 55 лет:

- срочный контракт от 6 до 12 месяцев без автоматических продлений;
- единовременные денежные выплаты и достойная заработная плата;
- современное обмундирование;
- статус ветерана и все льготы по окончании контракта;
- сохранение основного рабочего места на период прохождения службы в добровольческом подразделении.

Подразделение «ДОМБАЙ» будет действовать в составе прославленной бригады «ТЕРЕК».

Подробнее по адресу: Штаб общественной поддержки Карачаево-Черкесии, г. Черкесск, ул. Кооперативная 6 (2 этаж) или по тел. 8 918 712 00 23. (Звонки принимаются в будни с 09.00 до 18.00)

Стать частью братства «Домбай» - значит стать частью великой миссии!

Черкес хэку
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу
Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
цифровой каналхэм я зыужьыныгъэмкIэ къудамэм и редактор АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.
Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъыныкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. Зэрыщlатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2802-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графикkIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
дежурнэ редактор ЛЫХЬ Тимур,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ХЬЭБЭЧЫР Даринэ